

Jidisyè Nyoudjèze



Refòm Jistis Penal Pwogram Sèvis Anvan Jijman

**Criminal Justice Reform
Pretrial Services Program - Haitian**

Pou plis enfòmasyon konsènan refòm jistis penal Nyoudjèze ale sou:
<https://www.njcourts.gov/courts/criminal/reform.html>

Bi Siveyans Anvan Jijman

Bi siveyans anvan jijman se pou kab jere ris echèk pou konparèt nan tribinal, ris sekirite kominote a, ak ris obstriksyon oswa tantativ pou mete baton nan wou pwosesis jistis penal la pou tout akize ki ap tann jijman yo.



Kisa yo rele Sèvis Anvan Jijman?

Sèvis anvan jijman se:

- Yon depatman ki fè pati sektè Jidisyè Nyoudjèze a ki la pou ede tout akize kap tann jijman yo pou yo reyisi ak kondisyon kankou konparèt nan tribinal lè yo mande yo pou konparèt epi pou yo pa tonbe nan aktivite zak kriminèl.

Sèvis anvan jijman PA:

- Yon ajans de Fòsdelòd
- Libètè sou Siveyans
- Yon ajans Sèvis Sosyal
- Pinisyon

Kisa Sèvis anvan Jijman a fè?

- Asire ke yo lage tout akize kab tann jijman yo le pli vit posibil
- Itilize metòd ak mwens restriksyon posibil pou reyalize tout siveyans ki fèt anvan jijman

Siveyans

- Tout akize ki rate konparisyon yo nan tribinal
- Tout akize ki gen nouvo arestasyon
- Depistaj pou konsomasyon dwòg ak tafya, tout nouvo arestasyon ki fèt ak tout rezilta analiz dwòg ke tribinal la ta òdone
- Anplwa ak Edikasyon atravè oto-verifikasyon lè tribinal la ta egzije li

-
- Enplimantasyon Kouvrefe ke tribinal la ta òdone atravè depistaj tout nouvo arestasyon, rapò tyès pati yo ak siveyans elektwonik
 - Tretman medikal, psikolojik oswa psikyatrik ke tribinal la ta òdone ki egzije tout akize yo pou yo founi verifikasyon ak siyen yon otorizasyon ba antite kap founi tretman a

Sèvis Anvan Jijman a va

- Reyalize siveyans elektwonik ke tribinal la ta òdone pou swiv lokasyon tout akize kap tann jijman yo
- Pran mezi apwopriye lè gen vyolasyon lòd ki defann pran kontak ke yo ta va siyale ba Pwogram Sèvis anvan jijman a epi refere vyolasyon sa yo ba tribinal la si li ta apwopriye.
- Rapote tout vyolasyon kondisyon siveyans anvan jijman ba tribinal epi bay rekomandasyon sou sanksyon evantyèl yo
- Egzije tout akize kap tann jijman yo ki sijè a siveyans nan men pretrial pou kenbe kontak regilye ak Pwogram Sèvis Anvan Jijman a
- Egzije tout akize pou yo notifiye pwogram la de tout chanjman adrès, nimewo telefòn ak lòt enfòmasyon kontak yo imedyatman
- Voye teks ak imèl pou raple tout akize kap tann jijman yo de dat randevou nan tribinal ak swiv tout randevou yo
- Founi Tout akize ki nan sèvis anvan jijman ak oryantasyon atravè kominote a pou ede yo selon nesosite a

Kisa Sèvis Anvan Jijman Pa fè?

- Arete akize ki ta vyole kondisyon libètè pwovizwa yo
- Garanti nan chak ka ke akize kap tann jijman yo va:
 - konparèt nan tribinal
 - pap re-komèt lòt zak

Reyalize travay sou plas pou:

- Siveye detansyon adomisil tout akize kap tann jijman e ki pa sou siveyans elektwonik
- Fouye kay, machinn ak tout lòt lokasyon tout akize kap tann jijman,
- Verifiye ak/oswa detèmine si akize kap tann jijman a se pwopriyetè kay la li ye
- Reyalize tès pou dwòg
- Envestige posibiite tout vyolasyon siveyans elektwonik
- Tchyeke ke yap obeyi kouvrefe a

-
- Ramase tout zam a fe oswa nenpòt ki lòt zam akize kap tann jijman a ta genyen

Sèvis anvan jijman pap:

- Prezante vyolasyon siveyans anvan jijman jis paske akize a pa al lekòl oswa pa prezante nan youn nan pwogram edikasyonèl yo, oswa jwenn/kenbe travay li
- Ta kontakte viktim yo oswa temwen yo san se pa yo ki chache li oubyen siveye òdonans pa pran kontak yo
- Kontakte lekòl ak pwogram edikasyonèl yo pou verifye si akize a te prezante
- Kontakte patwon yo pou verifye anplwa

Istwa Sèvis Anvan Jijman

Nan lete 2014, lejislati Noudjèze a te pase yon lwa epi Gouvènè Chris Christie te siyen, lwa refòm jistis penal la. An novanm 2014, tout votan yo apwouve yon amannman nan Konstitisyon Noudjèze a ki pèmèt detansyon anvan jijman de tout akize ki reprezante gwo ris.

Lwa Refòm Jistis Penal la egzije yon chanjman de yon sistèm resous ki te baze sou kosyon monetè a yon sistèm libète pwovizwa ki baze sou ris. Anba nouvo sistèm libète pwovizwa anvan jijman sa a, kapasite ekonomik pou peye kosyon monetè pa sel rezon pou yo lage yon akize de prizon oswa kenbe li nan prizon jis jou jijman li. Okontrè, ris ke akize a pa ta konparèt nan tribinal oubyen ke li ta reprezante yon danje nan kominote a se fakte yo konsidere lè yap detèmine si pou yo lage li.

Nouvo lejislati a etabli yon yerachi de senk opsyon ke tribinal la kab chwazi nan desizyon ki gen pou wè ak liberasyon yon akize, ak prensip jeneral ki gen chwa mwens restriksyon a. Pami senk chwa sa yo, se siveyans anvan jijman. Epi tou, ou ta kab òdone 13 lòt kondisyon adisyonèl. Pouvwa Jidisyè a kreye Depatman Sèvis Anvan Jijman a pou reyalize siveyans anvan jijman. Mèzalò, byen ke lwa etabli siveyans anvan jijman antan ke youn nan chwa libète pwovizwa anvan jijman, li pa di espesifikman kijan siveyans sa a fèt pou fèt. Pouvwa Jidisyè a etabli tout politik yo ak pwosedi ki pou enplimante siveyans anvan jijman apati di 1ye janvyè 2017.



Dwayen Tribinal la
Stuart Rabner

“Sistèm kosyon ki an plas la pa jis pou akize ki pòv yo, jis paske yo pakab peye kosyon, yo separe de fanmi yo, epi yo kab pèdi travay yo. Konsènan akizasyon ki prezante kont yo, anpil etid demontre ke yap fè fâs a de negosyasyon sou deklarasyon kilpabilite ki pi difisil ak presyon pou yo plede koupab poutèt tan yo deja piye nan prizon, epi tou yo resevwa santans ki pi long an konparezon ak lòt akize ki nan menm sitiyasyon avèk yo ki te jwenn mwayen pou peye kosyon.”



Stuart Rabner
Dwayen Tribinal la
Chief Justice

Glenn A. Grant, J.A.D.
Direktè Administratif Pwovizwa Tribinal yo
Acting Administrative Director of the Courts

me 2017

njcourts.gov
12088-Haitian
